

## *Lèt akonpayman*

N ap ekri pou atire atansyon w, pou ou ka itilize l nan lavni, sou yon seri aksyon ki mete aksan sou kesyon jistis sosyal ki gen pou wè ak lasante nan kontèks prizon ak jesyon prizon. Pou reponn ak epidemi kolera Nasyonzini te pote an Ayiti, ki te reparèt ankò nan lane 2022, nou menm antanke gwoup òganizasyon te mete tèt ansanm pou depoze yon petisyon nan Komisyon Entè-Ameriken sou Dwa Moun (CIDH an fransè) nan mwa mas 2023. Petisyon sa a disponib an: [kreyòl](#), [fransè](#), ak [anglè](#).

Pandan n ap ekri lèt sa a, nou konnen kriz Ayiti ap travèse a ap vin pi grav epi l ap chanje vit. Sa k pi aplikab pou entèvansyon an, nou note gang yo te atake dènyeman Penitansye Nasyonal la nan Pòtoprens ak prizon Kwadèbouke a (de pi gwo prizon nan peyi a), ti ke libere plis pase 4.000 moun ki te nan prizon. Nou okouran tou kominote entènasyonal la gen plan pou l fè kèk entèvansyon an Ayiti, ki gen ladan yo yon entèvansyon Nasyonzini te apwouve pou fòs lapolis peyi Kenya vin nan peyi a. Tribinal peyi Kenya te deklare entèvansyon sa a enkonstitisyonèl epi Ayisyen toupatou nan mond lan ap pwoteste kont li. Sitiyasyon Ayiti a ap chanje vit alòske premye minis defakto Ariel Henry rete deyò peyi a epi l ap kowòdine detay demisyon li avèk KARIKOM ak peyi Etazini.

Etandone ijans kriz kontinyèl la, objektif nou an pati nan sikile enfòmasyon sa a se asire echèk pwosesis jiridik fòmèl yo pa anpeche angajman, konpreyansyon, ak pledwaye sou vyolasyon jistis sosyal ki gen pou wè ak lasante.

Nou te mete aksan sou epidemi kolera mòtèl nan prizon Ayiti yo, ki te rezilta detansyon prevantif ki te fè gen twòp moun nan prizon yo (ankonbreman) ak mank sèvis nan prizon yo. Prizon yo pa yon espas ki apa rès kominote a: analiz nou yo souliyen jan relasyon sa a te vin agrave lè sitiyasyon sosyopolitik Ayiti a te anpeche sistèm lajistis la pwoteje dwa konstitisyonèl ak dwa moun Ayisyen yo, pa egzant nan egzamine epi libere moun ki te nan detansyon prevantif, oswa asire kèlkeswa swen sante de baz nan prizon yo.

Nou te eseye elabore yon demann pou CIDH la ki te ale pi lwen pase yon demann Bureau des Droits Humains en Haïti ([BDHH](#)) te depoze nan CIDH la nan lane 2022 sou menm kalite pwoblèm epi ki te lanse yon apèl pou mezi prekosyon n ap rezime pi ba a. Tandiske CIDH te asepte demann nou an, epi anvan twoub politik aktyèl yo, n ap tann pou wè si y ap fè kèlkeswa modifikasyon sou mezi prekosyon yo te bay aprè demann BDHH la, oswa si y ap bay yon nouvo kad mezi prekosyon.

Òganizasyon ki te soumèt Petisyon an se te: Global Health Justice Partnership of the Yale Law School and Yale School of Public Health, Bureau des Droits Humains en Haïti, Réseau National de Défense des Droits de l'Homme, Institute for Justice & Democracy in Haiti, Alternative Chance/Chans Alternativ, Haitian Bridge Alliance, Miami Law Human Rights Clinic, ak defansè ak avoka ki ko-siyen yo.

Petisyon an te mande pou CIDH itilize pouvwa li genyen pou soti sa k rele “mezi prekosyon” pou:

1. pwoteje moun ki fèmen nan prizon, moun k ap travay nan prizon, ak moun k ap vizite prizon kont kolera;
2. redui radikalman kantite moun ki nan detansyon prevantif;
3. bay enfòmasyon ak resous pou reponn ak kolera k ap gaye, avèk direksyon ak konsèy òganizasyon ki gen eksperyans nan domèn nan;
4. retabli lòd jiridik ak konstitisyonèl an Ayiti; epi
5. kore efò k ap mande pou Nasyonzini bay dedomajman sou fòm lajan pou moun epidemi kolera 2010 la te afekte yo, epi bay finansman pou kore sistèm sante piblik ak asenisman an Ayiti.

Nou rive nan demann sa yo ki parèt nan petisyon an atravè anpil chita pale avèk defansè ak ekspè an Ayiti epi Ozetazini, sitou sou kesyon anprizonman ak detansyon prevantif epi anprizonman moun peyi Etazini ap depòte an Ayiti. Anplis, demann sa yo reflekte analiz ak konsèy òganizasyon ayisyen k ap travay pou ankouraje demokrasi, estabilite, otonomi, ak jistis sosyal ki gen pou wè ak lasante nan peyi a.

Lè nou te chita pale avèk jiris, ekspè medikal, ak defansè kominotè, yo te gen enkyetid lòt peyi ta itilize enstabilite politik ansanm avèk bezwen imanite epidemi kolera sa a pote kòm yon pretèks pou yo lanse yon entèvansyon. Ayiti gen yon long istwa kote peyi Etazini ak lòt peyi fè entèvansyon militè sou li; sa k aplikab tou, [se te entèvansyon Nasyonzini ki te entwodui kolera an Ayiti nan lane 2010](#).

N ap pataje enfòmasyon sa yo avèk yon pi gwo lektora paske nou kwè li gen enfòmasyon enpòtan pou moun ak òganizasyon ki travay sou kesyon prizon, sante piblik, epi/oswa demokrasi ak souverènte ayisyen. Nou swete lè nou pataje resous sa a, l ap aplifye preyokipasyon ak vizyon manm kowalisyon kolaboratè nou yo, epi bay rechèch ak rekòmandasyon ki ta kapab itil pou lòt pwojè pou pledwaye, sitou kòm yo gendwa fòmilè jefò pou restore estabilite kòm yon pwoblèm “sekirite,” ki ka pouse yo fè bak epi kòmanse itilize prizon egzesifman ankò.

Si w gen kòmantè oswa kesyon, tanpri ekri Alice M. Miller, Co-Direktris, Global Health Justice Partnership, nan [alice.miller@yale.edu](mailto:alice.miller@yale.edu)

Avèk apresyasyon pou travay w ap fè a,

Alice M. Miller